Pou mwen ak pou lavni m

Pou fanmi m

Pou kominote m

*Pouki rezon* **w** *ap fè yon* *mamogram* **?**

Gade anndan ➡
pou jwenn enfòmasyon enpòtan konsènan tès depistaj pou kansè tete.

# Kansè tete se koz #1 lanmò poutèt kansè kay Fanm Nwa yo.[1]

Ou pa bezwen gen yon istwa familyal ki montre moun nan fanmi w gen maladi a pou w pran maladi sa a. An reyalite, nan 85% nan ka kansè tete yo, **pa gen okenn istwa familyal.**[2]

- Fanm nwa yo gen plis chans pou gen tisi tete ki pi pwès pase lòt fanm, sa ki asosye ak plis risk pou gen kansè nan tete.[3-5]

- Asosyasyon Amerikèn pou Radyoloji (American College of Radiology) obsève ke tout fanm, espesyalman fanm nwa yo, ta dwe **fè egzamen pou detekte risk pou kansè nan tete oplita a 30 an**, pou sa yo ki gen plis risk yo kapab idantifye epi kapab benefisye yon egzamen deteksyon.[6]

Kò ansante, lespri ansante.

Mamogram chak ane yo kenbe w okouran de sante tete w yo epi yo pote lapè nan lespri w.

Lè ou fè yon mamogram, sa gendwa sove lavi w.[7]

Daprè Asosyasyon Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) a, fè tès depistaj regilyèman se fason ki pi fyab pou **detekte kansè tete bonè.**[4]

- **99%** nan fanm yo **dyagnostike** ki gen kansè tete nan faz bonè yo (lè kansè a nan tete a sèlman) **vivan 5 an apre** dyagnostik yo.[8,9]

Pouki rezon w ap fè yon mamogram

Fè ke sante tete w tounen yon priyorite pou w.

✓ Rele

References: 1. Giaquitno AN, Miller KD, Tossas KY, et al. Cancer statistics for African American/Black People 2022. *CA Cancer J Clin.* 2022;0:1-28. **2.** U.S. breast cancer statistics. Breastcancer.org. Last revised March 10, 2022. Accessed May 24, 2022. http://www.breastcancer.org/symptoms /understand_bc/statistics **3.** McCarthy AM, Keller MB, Pantalone LM, et al. Racial differences in quantitative measures of area and volumetric breast density. *J Natl Cancer Inst.* 2016;108(10):djw104. doi:10.1093/jnci/djw104. **4.** American Cancer Society recommendations for the early detection of breast cancer. American Cancer Society. Last revised January 14, 2022. Accessed May 24, 2022. https://www.cancer.org/cancer/breast-cancer/screening-tests-and-early-detection/american-cancer-society-recommendations-for-the-early-detection-of-breast-cancer.html **5.** Rochman S. Study finds black women have denser breast tissue than white women. *J Natl Cancer Inst.* 2015;107(10):djv296. **6.** Monticciolo D, Newell S, Moy L, et al. Breast cancer screening in women at higher-than-average risk: recommendations from the ACR. *J Am Coll Radiol.* 2018;15(3 Pt A):408-414. **7.** Mammography saves lives. American College of Radiology. Accessed May 6, 2022. https://www.acraccreditation.org/Mammography-Saves-Lives **8.** American Cancer Society. *Cancer Facts & Figures 2022.* Atlanta: American Cancer Society; 2022. Accessed May 24, 2022. https://www.cancer.org /content/dam/cancer-org/research/cancer-facts-and-statistics/annual-cancer-facts-and-figures/2022/cancer-facts-and-figures-2022.pdf **9.** SEER Cancer Stat Facts: Female breast cancer. National Cancer Institute. Accessed May 24, 2022. https://seer.cancer.gov/statfacts/html/breast.html

Pouki rezon **w** *ap fè yon mamogram* **?**

Gade anndan
pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou tès deteksyon kansè tete.

Genentech
A Member of the Roche Group